



**iCARE Rx**  
PHARMACY

## Byenveni nan famasi ICARE RX

Mèsi dèske w te chwazi n antanke founisè pwodui famasi espesyalize yo.

Nou te devlope yon seri sèvis pou ede w pwofite terapi w ap suiv la yon maksimòm. Men kèk nan sèvis sa yo:

- Fòmasyon, edikasyon ak konsèy
- Bonjan egzamen medikaman yo
- Tikè moderatè (*copay*), èd pou pasyan yo, ansanm ak lòt pwogram asistans finansye
- Livrezon gratis medikaman yo
- Rapèl pou renouvle medikaman yo
- Posiblite kontakte yon pwofesyonèl lasante ki kalifye 24 è sou 24, 7 jou sou 7

Nou pa ka tann pou n ka ba w pi bon sèvis ki posib la.

Kòdyalman,

Ekip ICARE RX

# KOWÒDONE YO

## Orè sèvis yo

Lendi – vandredi, 9:00 AM – 5:00 PM

Famasi nou an fèmen nan jou fèt sa yo:

- *New Year's Day* (1<sup>ye</sup> janvyè)
- *Memorial Day* (dènye lendi mwa mwa a)
- *4th of July Day* (Jou endepandans nasyonal la, 4 jiyè)
- *Labor Day* (premye lendi mwa septanm nan)
- *Thanksgiving Day* (katriyèm jedi mwa novanm nan)
- *Christmas Day* (fèt Nwèl, 25 desanm)

## Kowòdone yo

Pou kontakte yon reprezantan pwogram nan, tanpri rele n oubyen vizite n an pèsòn.

Adrès: 14447 Country Walk Dr | Miami, FL 33186-8104

Nimewo telefòn oswa faks gratis: 888-606-7471

## Asistans 24/7:

Yon seri pwofesyonèl lasante ki kalifye disponib 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Yo disponib jou fèt ak wikenn yo tou.

Si w gen yon kesyon ijan apre orè travay yo, doktè nou yo kapab ede w.

## Ou mèt kontakte n nan sitiyasyon sa yo:

- Ou gen kesyon oswa dout anrapò ak medikaman w yo
- Ou sispèk w ap fè yon reyasksyon oswa yon alèji akoz yon medikaman
- Te gen yon chanjman nan itilizasyon medikaman w yo
- Kowòdone w yo oswa adrès livrezon w te chanje
- Enfòmasyon asirans ou oswa sous pèman w te chanje
- Pou tcheke evolisyon kòmman ou te fè a
- Pou pale sou reta youn nan kòmman ou yo
- Pou mete livrezon w pou yon lòt lè
- Pou jwenn enfòmasyon anrapò ak yon reklamasyon

# ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO

## Pwogram famasi espesyalize a

Yon pasyan k ap itilize yon famasi espesyalize otomatikman enskri nan pwogram jesyon pasyan nou an. Ekip doktè pwofesyonèl nou yo pral:

- Egzamine regilyèman swen medikal ou bezwen yo
- Siveye kò w ak sante w
- Evalye bezwen fòmasyon w yo
- Ede w jere itilizasyon medikaman w yo

Pwogram sa a totalman gratis. Patisipasyon w volontè. Si w ta renmen sispann patisipe nan pwogram sa a, tanpri rele n.

Men kèk nan avantaj pwogram famasi espesyalize a ofri w:

- Yon èd pou fè fas ak efè segondè yo
- Yon pi bon respè terapi ak medikaman yo
- Yon amelyorasyon jeneral eta sante w

Pwogram famasi espesyalize a gen kèk restriksyon. Pa egzanp, avantaj pwogram yo depann de patisipasyon pasyan an ak volonte l genyen pou l pataje enfòmasyon ki nesèsè yo. Epitou, yo pa t prepare pwogram sa a pou geri yon maladi an patikilye.

## Objektif ak rezilta terapi a

Objektif sèvis nou yo se ede w pwofite terapi medikaman w yon maksimòm. Ou pral kapab kontakte famasyen nou yo dirèkteman, e yo pral prepare yon pwogram ki tonbe daplon ak bezwen w genyen yo ak objektif terapi yo. Grasa pwogram sa a, ou pral kapab:

- Kontakte famasyen klinik yo pou jwenn bonjan konsèy ak fòmasyon
- Benefisye yon seri evalyasyon sante ak yon seri egzamen regilye pou tcheke pwogrè w ap fè yo ak terapi w
- Patisipe nan plizyè pwogram asistans finansye pou ede w peye medikaman w yo

Objektif pwogram sa a se ede w respekte dòz medikaman w yo epi amelyore sante w an jeneral.

## Lòt resous yo

Ou ka jwenn plis enfòmasyon anrapò ak medikaman w yo, maladi oswa dyagnostik la, kominote a, oubyen resous finansye yo nan sit wèb sa yo:

- HIV.gov | Resous viris VIH (viris ki bay sida a) yo: <https://www.hiv.gov>
- Sant pou kontwòl ak prevansyon maladi yo (CDC) | Resous viris VIH (viris ki bay sida a) yo: <https://www.cdc.gov/hiv/default.html>

## Enfòmasyon finansye yo

Anvan trètman w kòmanse, yon manm ekip nou an pral fè w konnen:

- Pri kach pa w la
- Montan kòb ak franchiz (*deductibles*) w ap bezwen peye yo
- Tikè moderatè yo (*copays*) ak kowasirans (*coinsurance*), si yo disponib

Nou pral voye nenpòt reklamasyon w ap fè bay konpayi asirans sante w. Si yo refize reklamasyon w, nou pral fè w konnen pou rezoud pwoblèm nan. Si famasi nou an pa nan rezo famasi konpayi asirans ou, nou pral fè w konnen. Depi ou mande n, nou pral di w pri kach medikaman yo. Nou pral ede w enskri w nan pwogram asistans finansye yo, depi yo disponib.

## Demann preskripsyon yo, renouvelman medikaman yo ak reta nan kòmman yo

Doktè w ka voye n preskripsyon w, oswa ou ka remèt nou li dirèkteman oubyen pa lapòs. Yon manm ekip nou an pral kontakte w 5 a 7 jou anvan dat renouvelman preskripsyon an. Si w ta renmen kontakte n pou renouvle medikaman w yo oswa pou tcheke evolisyon kòmman ou, tanpri rele n. Si kòmman ou gen reta, nou pral fè w konnen osito sa posib. Si reta sa a gendwa retade terapi w, nou pral travay avè w ansanm ak doktè w pou transfere preskripsyon w nan yon famasi k ap pi bon pou w.

## Fason pou w fè yon reklamasyon

Si w pa kontan ak sèvis nou yo oswa si w kwè nou te vyole dwa w yo anrapò ak vi prive w, tanpri fè n konnen Ou gen dwa fè yon reklamasyon nan telefòn, an pèsòn oswa alekri. Si w ta renmen yon lòt moun egzamine pwoblèm ou oswa reklamasyon w, ou mèt kontakte URAC, ki se òganizasyon akreditasyon nou an.

Sit wèb: <https://www.urac.org/file-a-grievance> | Adrès imèl: [grievances@urac.org](mailto:grievances@urac.org)

## Transfè preskripsyon yo

Si famasi nou an pa ka distribye medikaman w yo ankò, nou pral transfere preskripsyon w nan yon lòt famasi. Nou pral fè w konnen lè n transfere trètman w. Si w ta renmen resevwa medikaman w yo nan yon lòt famasi, tanpri rele n.

## Ranplasman medikaman yo

Famasi nou an bat li pou l chèche yon solisyon k ap mwens chè pou w. Pafwa, li gendwa nesèsè pou n ranplase yon medikaman mak avèk yon medikaman jenerik. Sa ka fèt paske konpayi asirans la prefere medikaman sa a oswa pou diminye kou tikè moderatè w (*copay*). Si n bezwen ranplase medikaman w, nou pral kontakte w anvan n voye w nouvo medikaman an. Lè yon medikaman jenerik disponib, se li menm famasi nou an pral chwazi pou l ka mwens chè pou w. Sepandan, si se sa w prefere, oswa si doktè w preskri l, nou pral itilize yon medikaman mak.

## Retrè medikaman yo

Si yo sispann vann youn nan medikaman w yo (*drug recall*), nou pral rele w pou di w sa w dwe fè.

## Pwoblèm oswa kesyon anrapò ak medikaman yo

Tanpri kontakte famasi a osito sa posib si w gen nenpòt pwoblèm ak medikaman yo, tankou:

- Si w ap santi yon seri efè segondè oswa yon seri efè nuizib ki grav
- Si w ap sispèk yo te fè yon erè nan medikaman

Nou vle pou w satisfè nètale ak trètman n ap ba w a. Si w menm oswa moun k ap pran swen w gen nenpòt kesyon, tanpri rele n nan telefòn oswa ekri n yon imèl oubyen yon kourye pou n ka pale sou sa ansanm. Si w ta renmen yon lòt moun egzamine pwoblèm ou oswa reklamasyon w, ou mèt kontakte URAC, ki se òganizasyon akreditasyon nou an.

## Bonjan itilizasyon medikaman yo ak dire terapi a

Ou dwe sèvi ak medikaman yo ann akò ak enstriksyon famasyen w ak doktè w te ba w yo. Enstriksyon yo parèt alekri ak medikaman yo. Pou terapi w ka reyisi, li trèzenpòtan pou w pran medikaman w yo nan lè w sipoze pran yo. Prepare yon ti orè oswa yon pwogram pou sonje ki lè w dwe pran chak medikaman. Gen kèk medikaman ou ta sipoze pran nan yon lè presi pandan jounen an, epi gen lòt tou ou dwe pran pandan w ap manje. Dire terapi w depann de maladi w ak medikaman w yo. Se yon bagay ou dwe pale ansanm ak doktè w. Si w gen nenpòt kesyon sou medikaman w yo oswa sou itilizasyon yo, oubyen si w ta renmen resevwa plis enstriksyon toujou, tanpri rele famasi a pou pale ak yon famasyen.

## Jesyon efè segondè yo

Si, apre w fin pran yon medikaman, ou pa santi w byen menm, tanpri rele 911 pou resevwa yon èd san pèdi tan. Si w ap remake yon seri efè segondè ki nuizib oswa ki fè l difisil pou w pran medikaman w, kontakte famasi a pou pale ak yon famasyen. Gendwa kèk bagay ou ka fè pou diminye efè segondè yo. Famasyen an gendwa ba w kèk konsèy pou w rive jere pwoblèm sa yo. Famasyen an pral kolabore ak doktè w ansanm avè w pou deside sa k t ap pi bon pou w fè.

## Lè w bliye pran yon medikaman

Si w te bliye pran yon dòz medikaman:

- Pa pran 2 dòz anmenmtan oswa yon seri dòz anplis (oswa 2 fwa lavalè).
- Si lè a rive pou w pran pwochen dòz medikaman w, pa pran sila w te bliye a. Ou mèt kontinye suiv program medikaman w jan w konn fè l nòmalman.
- Si pa gen anpil tan depi w te bliye pran dènye dòz la (e si manke toujou anpil tan pou w pran pwochen dòz medikaman an), pran dòz ou te bliye a ann akò ak enstriksyon ki parèt sou boutèy la.

## Vaksen yo

Kèk vaksen gendwa afekte terapi w. Si w te resevwa yon vaksen nan 30 dènye jou yo, oswa si w prevwa resevwa yon vaksen, tanpri fè famasyen w konn sa.

Prekosyon sante yo, move melanj medikaman yo ak mizajou pwofil medikaman w

Men kèk prekosyon ki enpòtan:

- Lè w ap pran medikaman w yo, respekte preskripsyon an ak lòt enstriksyon yo
- Sere medikaman yo yon fason e yon kote ki apwopriye
- Si gen nenpòt chanjman nan sante w oswa nan pwogram medikaman w, fè famasyen an konn sa

Si w gen difikilte pou w pran medikaman w yo jan yo preskri w yo, tanpri fè famasyen an konn sa.

Li enpòtan pou famasyen an okouran tout medikaman w ap pran. Sa gen ladan l:

- Medikaman ki nan preskripsyon w yo
- Medikaman y ap vann san preskripsyon
- Sipleman yo

Kèk medikaman pa fè bon melanj ak lòt, e sa ka lakòz yon seri efè nuizib. Si te gen nenpòt chanjman, tankou:

- Ou te kòmanse pran yon nouvo medikaman
- Ou te sispann pran yon medikaman
- Ou te diminye dozaj yon medikaman
- Ou te diminye frekans yon medikaman

Fè famasyen an konn sa. Famasyen an pral egzamine chanjman sa yo e li pral di w si sa ka afekte yon lòt medikaman. Si gen yon pwoblèm, famasyen an pral kolabore ak doktè w ansanm avè w pou deside sa k t ap pi bon pou w fè.

### Fason pou w sere ak manyen medikaman yo

Pa sere medikaman yo toupre yon sous chalè, van, limyè oswa imidite a. Gen kèk medikaman ki mande pou w sere yo yon kote presi, tankou nan yon frijidè. Tcheke enstriksyon ki vin ak medikaman an pou w ka konnen ki jan ak ki bò pou w sere yo.

Gen kèk medikaman ki mande pou w manyen yo yon fason presi. Tcheke enstriksyon ki vin ak medikaman an pou w ka konnen ki jan pou w manyen yo. Men kek rekòmasyon jeneral:

- Lave men w yo anvan w manyen yon medikaman e apre w fin manyen l
- Si medikaman an vin ak yon gan oswa yon seri lòt bagay, tankou gode oswa sereng pou pran medikaman an nan bouch, jete sila w te itilize yo nan yon sachè an plastik
- Mare oswa fèmen sachè an plastik la epi jete l nan poubèl ou genyen lakay

### Fason pou w jwenn medikaman w yo nan yon sitiyasyon ijans oswa lè gen yon katastwòf

Si ta vin gen yon sitiyasyon ijans oswa yon katastwòf nan zòn kote w rete a, li enpòtan pou w pare. Si ta vin gen yon sitiyasyon ijans oswa yon katastwòf nan zòn kote w rete a, tanpri kontakte n. Si sitiyasyon ijans lan oswa katastwòf la afekte famasi a, nou pral kontakte w. Nou pral fè w konnen egzakteman ki jan pou w jwenn medikaman w yo.

Men kèk konsèy itil pou w ka pare lè gen yon ijans/katastwòf:

- Prepare w alavans: pale ak founisè w epi famasyen w
- Sere yon *kit* swen sante ijans
- Sere plizyè pòch jèl/frèdi (si w gen medikaman ki dwe ret frèt)
- Kenbe kowòdone nou yo pou w ka jwenn medikaman w yo
- Si w dwe deplase yon lòt kote ki mwens danjere, fè n konnen
- Sere toupre w ase medikaman pou 5 jou (pou pi piti)

### Fason pou w jete medikaman yo

Tcheke enstriksyon ki vin ak medikaman w lan pou w ka konnen fason pou w jete l. Gen kèk pwogram ki pèmèt moun yo rapòte medikaman yo pa itilize yo. Kèk nan pwogram sa yo parèt pi ba a. Si w pa fin konnen ki jan pou w jete yon medikaman, pale ak famasyen an.

- Ajans ameriken FDA (Food and Drug Administration). Ki kote e ki jan pou w rapòte medikaman ou pa itilize yo. <https://www.fda.gov/consumers/consumer-updates/where-and-how-dispose-unused-medicines>
- Ajans ameriken FDA (Food and Drug Administration). Rapòte medikaman w pa itilize yo: sa w ta dwe konnen. <https://www.fda.gov/drugs/safe-disposal-medicines/disposal-unused-medicines-what-you-should-know>
- Sit wèb ajans DEA (Drug Enforcement Administration).  
Chèche yon pwogram pou retounen medikaman w yo toupre lakay ou.  
<https://apps2.deadiversion.usdoj.gov/pubdispsearch/spring/main?execution=e1s1>
- RxDrugDropBox.org Chèche yon bwat pou rapòte preskripsyon yo toupre lakay ou.  
<https://www.rxdrugdropbox.org/>

## DWA AK RESPONSABLITE PASYAN YO

Antanke pasyan nou an, men ki DWA ou genyen yo:

- Asire w fason y ap pataje enfòmasyon pèsònèl sou sante w ak pwogram jesyon pasyan yo ann akò ak lwa Leta a ak lwa federal la
- Idantifye manm ekip pwogram yo, san wete pòs travay y ap okipe yo, epi pale ak sipèvizè yon manm ekip depi se sa w vle
- Pale ak yon pwofesyonèl lasante
- Resevwa enfòmasyon sou pwogram jesyon pasyan espesyalize a
- Refize patisipe nan pwogram nan oswa sispann enskripsyon w nenpòt lè w vle

Antanke pasyan nou an, men ki RESPONSABLITE ou genyen yo:

- Bay yon seri enfòmasyon medikal ak pèsònèl ki kòrèk epi, depi youn nan enfòmasyon sa yo chanje, endike l nan pwogram jesyon pasyan espesyalize a
- Esplike pwofesyonèl k ap ekri preskripsyon yo difètke l ap patisipe nan sèvis famasi ap ofri yo, tankou pwogram jesyon pasyan espesyalize



# ENFÒMASYON ANRAPÒ AK PRATIK

## **Yon mesaj pou pasyan nou yo:**

Konfidansyalite enfòmasyon medikal ou yo trèzenpòtan pou nou.

Nou rekonèt enfòmasyon medikal ou yo pèsònèl. Kidonk, nou angaje tèt nou pou n pwoteje yo. Nou kreye yon dosye ki gen ladan l tout swen ak sèvis w ap resevwa yo anndan òganizasyon w lan. Nou bezwen dosye sa a pou n ka ba w yon seri swen sante ki wo nivo epi pou n respekte kèk egzijans legal. Dokiman sa a pral fè w konnen kèk fason nou gendwa itilize epi pataje enfòmasyon medikal pèsònèl ou yo. Epitou, l ap esplike w dwa ou yo ak kèk responsablite w genyen yo konsènan itilizasyon ak pataj enfòmasyon medikal yo.

## Kesyon ak plent yo

Si w gen nenpòt kesyon anrapò ak dokiman sa a, tanpri mande resepsyonis la si w ta ka pale ak responsab respè konfidansyalite nou an (*Privacy Officer*). Si w kwè nou te vyole dwa konfidansyalite w yo, ou mèt pale ak responsab respè konfidansyalite nou an epi voye yon plent alekri. Si w ta renmen fè youn nan bagay sa yo, tanpri fè resepsyonis la konnen ou ta vle pale ak responsab respè konfidansyalite nou an, oswa mande yon fòmilè plent. Ou mèt voye yon plent alekri bay Depatman pou sante ak sèvis sosyal Etazini yo (HHS). N ap fè w konnen nan ki adrès pou w voye plent lan. Nou pap vanje tèt nou okenn fason si w deside depoze yon plent.

Enfòmasyon anrapò ak pratik konfidansyalite yo

DOKIMAN SA A ESPLIKE FASON NOU GENDWA ITILIZE EPI PATAJE ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU MENM, E FASON W KA AKSEDE ENFÒMASYON SA YO. TANPRI EGZAMINE L AK ANPIL ATANSYON.

Dosye sante w la gen ladan l yon seri enfòmasyon pèsònèl sou ou menm e sou sante w. Yo rele enfòmasyon pèsònèl sa yo, ki gendwa idantifye w ak sante oswa maladi fizik oswa mantal ou te konn genyen, ou genyen kounye a oswa ou pral genyen, e ki gendwa idantifye sèvis swen sante ki makònen ak sante oswa maladi sa yo, "enfòmasyon konfidansyèl anrapò ak sante a" (*Protected Health Information*, oswa "PHI"). Dokiman sa a (*Enfòmasyon anrapò ak pratik konfidansyalite yo*) esplike fason nou gendwa itilize epi pataje PHI w yo ann akò ak lwa ki aplikab yo, tankou lwa *Health Insurance Portability and Accountability Act* ("HIPAA") ak règ ki te pibliye anba lwa HIPAA, tankou règ konfidansyalite ak sekirite HIPAA yo, ansanm ak kòd etik NASW a. Yon lòt bò, dokiman sa a presize dwa w genyen yo konsènan fason w ka aksede oswa jere PHI w yo. Lwa oblije n kenbe konfidansyalite PHI w yo epi li oblije n ba w enfòmasyon sou responsablite legal nou yo ak pratik konfidansyalite nou yo anrapò ak PHI w yo. Nou oblije respekte kondisyon ki parèt nan dokiman sa a. Nou gen dwa chanje kondisyon ki parèt nan dokiman sa a nenpòt lè nou vle. Nouvo dokiman an pral aplikab pou tout PHI yo nou sere nenpòt lè. Pou w ka gen yon kopi nouvo dokiman an, nou pral pibliye l sou sit wèb nou an. Si w prefere, nou ka voye w li pa lapòs oswa nou ka remèt ou li nan pwochen randevou w.

FASON NOU GENDWA ITILIZE EPI PATAJE ENFÒMASYON SOU SANTE W

Pou trètman an. Moun ki patisipe nan trètman w gendwa itilize epi pataje PHI w yo pou yo ka bay, kowòdone oswa jere swen sante w yo ak sèvis ki makònen ak trètman w. Pa egzanp, yo gendwa tcheke ak sipèvizè klinik yo oswa lòt manm ekip ki patisipe nan trètman an. Li posib pou n pataje PHI w yo ak yon lòt konseye, men sèlman si w otorize n fè sa.

Pou pèman an. Nou gendwa itilize epi pataje PHI w yo pou n ka resevwa yon pèman pou sèvis trètman n ap ba w yo. Nou pral annik fè sa ak otorizasyon w. Men kèk egzanp aktivite anrapò ak pèman an: tcheke si w ranpli kondisyon oswa si w pral kouvri grasa yon seri prestasyon asirans, trete reklamasyon yo ak konpayi asirans ou, egzamine sèvis n ap ba w yo pou detèmine bezwen medikal ou yo, oswa reyalize kèk aktivite pou egzamine itilizasyon yo. Si l vin nesèsè pou n itilize yon seri pwosedi rekipasyon kòb poutèt sèvis yo pa peye, nou pral annik pataje yon minimòm kantite PHI ki nesèsè pou n rekipere kòb la.

Pou aktivite swen sante yo. Nou gendwa itilize epi pataje, si sa nesèsè, PHI w yo pou n ka soutni aktivite komèsyal nou yo, tankou aktivite anrapò ak evalyasyon kalite a, egzamen anplwaye yo, pwosedi pèmi yo, ak konduit oswa òganizasyon lòt aktivite komèsyal yo. Pa egzanp, nou gendwa pataje PHI w yo ak lòt moun k ap patisipe nan yon seri aktivite komèsyal (faktirasyon, daktilografi, elatriye), akondisyon nou gen yon kontra ekri ak biznis sa a ki garanti konfidansyalite PHI w yo. Nou gendwa pataje PHI w yo pou fòme oswa anseye lòt moun, men sèlman si w ban n otorizasyon w.

*Dokiman an ap kontinye nan lòt paj*

Paske lalwa oblije n. Lalwa oblije n pataje PHI w yo avè w depi se sa w mande n. Anplis de sa, nou oblije pataje yo ak sekretè Depatman sante ak sèvis sosyal Etazini yo (HHS) pou yo ka ankete oswa detèmine si n respekte egzijans lwa sou vi prive a.

San otorizasyon. W ap jwenn pi ba a yon lis sitiyasyon kote HIPAA otorize n itilize e pataje PHI w yo, menmsi w pa t ban nou otorizasyon. Lwa aplikab yo ak estanda etik yo pèmèt nou pataje enfòmasyon pèsònèl ou yo menmsi nou pa gen otorizasyon w, men sèlman nan kèk sitiyasyon patikilye.

Neglijans oswa abi sou timoun. Nou gendwa pataje PHI w yo ak yon Leta oswa yon ajans lokal ki gen dwa legal pou l resevwa yon seri rapò sou neglijans oswa abi sou timoun.

Pwosedi legal ak administratif yo. Nou gendwa pataje PHI w yo lè gen yon lòd pou konparèt devan lajistis (*subpoena*, avèk konsantman w alekri), lè gen yon desizyon lajistis, yon desizyon administratif oswa yon lòt pwosedi konsa.

Lè yon pasyan mouri. Nou gendwa pataje PHI pasyan ki mouri yo ann akò ak sa lalwa Leta mande, oswa nou gendwa pataje yo ak manm fanmi yo oswa yon zanmi ki te patisipe nan swen sante l yo oswa nan pèman swen sante l yo anvan li mouri, si pasyan an te bay konsantman l alavans. Piblikasyon enfòmasyon anrapò ak yon pasyan ki mouri gendwa rezève pou yon responsab oswa yon administratè byen ak pwopriyete moun ki mouri a oswa pou moun ki pi pwòch nan manm fanmi l yo. Lwa HIPAA pa pwoteje PHI moun ki te mouri depi plis pase senkant (50) ane.

Ijans medikal yo. Nou gendwa itilize oswa pataje PHI w yo ak yon ekip medikal nan yon sitiyasyon ijans medikal sèlman pou n ka evite gwo blese. Ekip nou an pral eseye ba w yon kopi dokiman sa a osito sa posib yonfwajans lan fin rezoud.

Patisipasyon lafanmi nan trètman an. Nou gendwa pataje enfòmasyon w yo ak manm lafanmi ki pwòch oswa ak zanmi ki te patisipe dirèkteman nan trètman w dapre konsantman w oswa si l vin nesèsè pou evite gwo blese.

Otorite lasante yo. Si nesèsè, nou gendwa pataje PHI w yo ak ajans ki sipèvize aktivite lasante yo pou yo ka akonpli aktivite lalwa otorize yo, tankou kontwòl yo, ankèt yo ak enspeksyon yo. Pami otorite lasante yo ki bezwen enfòmasyon sa yo genyen ajans ak òganizasyon gouvènman yo k ap ofri yon èd finansye pou pwogram nan (tankou sila yo k ap finanse l ann akò ak konsantman ou te bay alavans) epi òganizasyon ki responsab evalye itilizasyon yo ak kontwòl kalite a.

Aplikasyon lalwa. Nou gendwa pataje PHI w yo ak yon ofisye ki responsab aplike lalwa ann akò ak sa lalwa egzije, pou obeyi yon lòd pou konparèt devan lajistis (*subpoena*, avèk konsantman w alekri), yon desizyon lajistis, yon desizyon administratif oswa yon lòt dokiman konsa, pou idantifye yon sispè, yon temwen materyèl oswa yon moun ki absan, anrapò ak viktim yon krim, anrapò ak yon moun ki mouri, anrapò ak siyalman yon krim nan yon sitiyasyon ijans, oswa anrapò ak yon krim ki te fèt menm kote a.

*Dokiman an ap kontinye nan lòt paj*

Fonksyon espesyalize yo nan gouvènman an. Nou gendwa egzamine demann kèk òganizasyon ap voye n, tankou otorite militè Etazini yo si w te sèvi nan lame ameriken, oswa ajans ofisyèl yo ki bezwen PHI w yo pou rezon ransèyman oswa sekirite nasyonal, oswa Depatman Leta pou detèmine si w ranpli kondisyon fizik ak medikal yo. Nou gendwa pataje PHI w yo ann akò ak konsantman w te ekri a, ann akò ak lwa ki oblije n pataje enfòmasyon w yo oswa pou evite gwo blese.

Sante piblik. Si l nesèsè pou akonpli yon seri aktivite sante piblik ki obligatwa yo, nou gendwa itilize oswa pataje PHI w yo ak yon otorite sante piblik ki legalman otorize pou l rasanble oswa resevwa enfòmasyon sa yo, yon fason pou l ka evite oswa kontwole yon maladi, yon aksidan oswa yon andikap, oswa si otorite sante piblik la mande l, nou gendwa pataje yo ak yon ajans gouvènman k ap kolabore ak otorite sante piblik sa a.

Sekirite piblik. Nou gendwa pataje PHI w yo si sa nesèsè pou anpeche oswa diminye yon menas ki grav e ki gendwa rive sanzatann, oswa pou garanti sekirite yon moun oswa piblik la. Si n pataje enfòmasyon w yo pou evite oswa diminye yon menas ki grav, nou pral pataje yo ak yon moun oswa yon gwoup moun ki kapab, nan yon mezi rezonab, anpeche oswa diminye menas la, san wete moun ki sib menas la.

Rechèch. Nou gendwa pataje PHI w yo sèlman apre yon pwosesis otorizasyon espesyal oswa sèlman si n gen pèmision w.

Pèmision awotwa. Nou gendwa itilize oswa pataje enfòmasyon w yo ak manm fanmi w yo k ap patisipe dirèkteman nan trètman w, depi w ban n pèmision awotwa w.

Avèk otorizasyon. Si lwa aplikab yo pa otorize itilizasyon oswa pataj enfòmasyon w yo yon fason ki klè, nou pral annik itilize oswa pataje yo si w ban n otorizasyon w alekri. Ou kapab sispann otorizasyon sa a nenpòt lè, nan mezi nou te deja itilize oswa pataje enfòmasyon w yo avèk otorizasyon w. Men nan ki sitiyasyon nou pral bezwen otorizasyon w pou itilize oswa pataje enfòmasyon w yo: (i) pifò itilizasyon oswa pataj nòt sikoterapi ki separe ak lòt dosye medikal ou; (ii) pifò itilizasyon oswa pataj PHI w yo pou fè biznis, san wete komunikasyon sou trètman ki finance grasa Leta; (iii) pataj ki ta tankou yon vant PHI yo; ak (iv) nenpòt lòt itilizasyon ak pataj ki pa parèt nan *Enfòmasyon anrapò ak pratik konfidansyalite yo*.

Dwa pou tcheke epi kopye enfòmasyon w yo. Ou gen dwa, menmsi dwa sa a kapab limite nan kèk sitiyasyon eksepsyonèl, tcheke epi kopye PHI w yo y ap sere nan yon "dosye deziye". Yon dosye deziye gen ladan l rejis sante mantal/medikal ou yo, enfòmasyon faktirasyon w yo e nenpòt lòt dokiman yo te itilize pou pran yon seri desizyon sou trètman w. Dwa w genyen pou w tcheke epi kopye PHI w yo pral limite sèlman si gen yon prèv serye ki demontre aksè enfòmasyon sa yo ta ka yon danje pou w, oswa si enfòmasyon yo parèt nan nòt sikoterapi ki sere yon lòt kote. Nou gendwa faktire w yon montan kòb ki rezonab pou kopi enfòmasyon w yo. Si dosye w yo sere nan yon fòm elektwonik, ou kapab mande yon kopi PHI w yo nan yon vèsyon elektwonik. Ou ka tou mande pou n voye yon kopi PHI w yo bay yon lòt moun.

*Dokiman an ap kontinye nan lòt paj*

Dwa pou korije enfòmasyon w yo. Si w kwè PHI nou gen sou ou yo pa bon oswa yo pa konplè, ou ka mande n korije enfòmasyon yo. Sepandan, nou pa oblije dakò ak kòrèksyon sa yo. Si n refize demann kòrèksyon w lan, ou gen dwa depoze yon deklarasyon dezakò. Nou gendwa prepare yon refitasyon deklarasyon w. Nan ka sa a, nou pral remèt ou yon kopi. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte responsab respè konfidansyalite a (*Privacy Officer*).

Dwa pou resevwa yon rezime pataj enfòmasyon yo. Ou gen dwa mande yon rezime ki montre kèk nan sitiyasyon kote nou te pataje PHI w yo. Nou gendwa faktire w yon montan kòb ki rezonab si w mande plis pase yon rezime nan yon peryòd 12 mwa.

Dwa pou mande kèk restriksyon. Ou gen dwa mande yon restriksyon oswa yon limit nan itilizasyon oswa pataj PHI w yo anrapò ak aktivite tretman, pèman oswa swen sante yo. Nou pa oblije aksepte demann ou amwenske demann nan se pou limite pataj PHI w yo aplikab ak yon plan sante dekwa pou fè yon pèman oswa akonpli yon seri aktivite swen sante, e PHI yo fè pati yon pwodui oswa yon sèvis swen sante ou gentan peye ak kòb pa w. Nan ka sa a, nou oblije aksepte restriksyon w ap mande yo.

Dwa pou mande yon kominikasyon konfidansyèl. Ou gen dwa mande pou n kominike avè w sou kesyon sante yo, yon fason oswa yon kote an patikilye. Nou pral aksepte nenpòt demann ki rezonab. Pou n ka aksepte demann ou, nou gendwa mande w kèk presizyon sou fason pèman an pral fèt oswa sou yon adrès segondè oubyen yon lòt metòd kontak. Nou pap mande w rezon ki fè w ap fè demann sa a.

Notifikasyon vyolasyon konfidansyalite a. Si gen yon vyolasyon PHI w yo ki pa t pwoteje, nou gendwa oblije fè w konn sa e ba w enfòmasyon sou sa k te pase epi sa w ka fè pou pwoteje tèt ou.

Dwa pou gen yon kopi dokiman sa a. Ou gen dwa gen yon kopi dokiman sa a.

## PLENT YO

Si w kwè nou te vyole dwa anrapò ak vi prive w, ou gen dwa kontakte responsab respè konfidansyalite nou an (*Privacy Officer*) pou depoze yon plent alekri. Nou pap vanje tèt nou paske w te depoze yon plent.

Chris Wakefield, Privacy Officer

1193 Beechwood Blvd

Pittsburgh, PA 15206

cwakefield@340bpharm.com